

**PANGARUH STATUS SOSIAL EKONOMI KULAWARGA KANA  
MINAT MURID PIKEUN NERASKEUN SAKOLA KA PAGURON  
LUHUR**

**(Survei Ka Kelas XII IPS SMA Negeri 1 Ciwidey Taun Ajaran 2021/2022)**

**Ku**

**VINI JULI YANTI**

**175020056**

**RINGKESAN**

Ieu panalungtikan teh mibadi tujuan pikeun nangtoskeun: (i) kumaha status sosial ekonomi kulawarga, (ii) kumaha minat murid pikeun neraskeun sakola ka paguron luhur, (iii) sabaraha ageung pangaruh status sosial ekonomi kulawarga pikeun minat murid pikeun neraskeun sakola ka paguron luhur ka kelas XII IPS SMA Negeri 1 Ciwidey. Panilitian ieu ngagunakeun pendekatan kuantitatif kalayan metode survei sareng tehnik ngumpulkeun data dina bentuk angket ku 138 sampel murid. Hasilna nunjukeun: (i) status sosial ekonomi kulawarga kaasupna kategori cecap, hasilna nyaeta skor rata-rata 3,15; (ii) minat murid pikeun neraskeun atikan ka paguron luhur, hasilna nyaeta skor rata-rata 4,10 kaasupna kategori alus; (iii) pangaruh status sosial ekonomi kulawarga pikeun minat murid neraskeun sakola ka paguron luhur, nyaeta saageung 53% kalayan kriteria interpretasi anu cekap kiat. Hipotesis dina panilitian ieu kabuktosan yen “aya pangaruh pangaruh status sosial ekonomi kulawarga pikeun minat murid neraskeun sakola ka paguron luhur ka kelas XII IPS SMA Negeri 1 Ciwidey Taun Ajaran 2021/2022”. Panulis nyarankeun ka pihak anu aya hubunganana: i) pikeun guru jeung sakola, dipihareup tiasa masihan sumangeut atawa dukungan, diarahkeun jeung dipasihang terang inpormasi ameh murid hoyong neraskeun sakola ka paguron luhur; ii) pikeun murid, dipihareup aya kahoyong kangge neraskeun ka paguron luhur; iii) pikeun panalungtikan satuluyna, dipiharpeun tiasa ngobet referensi anu langkung jero tur nyiapkeun diri dina proses perencanaan, pangambilan, pangumpulan data sahingga panilitian tiasa dilaksanakeun kalayan hade.

**Kecap Konci:** status sosial ekonomi kulawarga, minat murid pikeun neraskeun sakola ka paguron luhur





